



Pou Piblikasyon Imedya: 4/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN KANPAY KÒLÈK JWÈT, MANTO AK MATERYÈL ESKOLÈ PANDAN FÈT YO POU BENEFISYE NOUYÒKÈ KI NAN BEZWEN YO

Yo elaji kanpay anyèl pou fèt la pou enkli don manje pou Nouyòkè yo pandan administrasyon Trump la ap eseye bloke benefis SNAP yo ilegalman

Yo pral kolekte epi distribye manje ki pa gate anvan Thanksgiving lan

Yo pral aksepte dona manje, jwèt, materyèl eskolè ak manto ant 1e novanm ak 5 desanm

Yo ka livre koli yo ekspedye yo nan Empire State Plaza a

[Enfòmasyon sou kanpay nan jou ferye yo disponib isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke kanpay don anyèl eta Nouyòk la pandan jou ferye yo pou ede fanmi ki nan bezwen atravè Nouyòk la ap kòmanse apati samdi 1e novanm nan. Y ap chèche don jwèt nèf ki pa anbale, manto, materyèl eskolè ak manje ki pa gate fasil pou sipòte òganizasyon kominotè k ap ede Nouyòkè yo pandan sezon fèt la. Yo elaji kanpay fèt ane sa a pou enkli don manje pou fanmi Nouyòk yo apre tantativ ilegal administrasyon Trump la pou kenbe benefis SNAP ki finanse pa gouvènman federal la — ki se pwogram kont grangou ki pi gwo e ki pi efikas nan peyi a ki ede nouri prèske twa milyon Nouyòkè chak mwa, pifò ladan yo se granmoun aje, moun ki gen andikap oswa timoun.

"Jenewozite se yon valè fondamantal nan sezon fèt yo. Kanpay Ranmasaj Jwèt ak Manto nan tout eta Nouyòk la ofri yon opòtinite pou nou ede kominote nou yo lè nou pi bezwen l", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo konsidere fè don pou pataje espwa, bonè, chalè ak lajwa jou ferye ak timoun ak fanmi ki nan bezwen."

Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta Nouyòk la te etabli lokal livrezon yo atravè eta a kote biznis ak moun yo kapab pote nouvo jwèt ki pa vlope, manto ak materyèl eskolè, ak manje ki pa gate fasil, ke yo pral distribiye bay fanmi yo ki nan kominote defavorize yo toupatou nan eta Nouyòk.

Y ap ranmase jwèt, manto, materyèl eskolè ak manje ki pa gate fasil nan pifò lokal livrezon yo soti 1e novanm pou rive 5 desanm. Y ap aksepte don, kit se don yo ekspedye oswa moun yo depoze, nan Empire State Plaza jiska 15 desanm. Manje yo ranmase ant 1e novanm ak semèn anvan Thanksgiving lan pral distribye alè pou jou ferye a.

Men lokal livrezon yo:

Rejyon Kapital

- Agency Buildings 1,2,3,4 – Empire State Plaza, Albany
- Alfred E. Smith Building, 80 South Swan Street, Albany
- Corning Tower, Empire State Plaza, Albany
- Empire State Plaza Main Concourse, Empire State Plaza, Albany
- Harriman Campus Buildings 5, 6, 7, 7A, 8, 12 Harriman Campus, 1220 Washington Avenue, Albany
- Hampton Plaza, 38-40 State Street, Albany
- Legislative Office Building, Empire State Plaza, Albany
- New York State Capitol, Albany
- NYSDOT, 50 Wolf Road, Albany
- NYSERDA, 15 Columbia Circle, Albany
- NYSERDA, 17 Columbia Circle, Albany
- Robert Abrams Building for Law and Justice Empire State Plaza, Albany
- Swan Street Building, Core 2 and Core 3, Empire State Plaza, Albany
- Ten Eyck Building, 40 North Pearl Street, Albany
- 44 Holland Avenue, Albany
- 625 Broadway, Albany
- 328 State Street, Schenectady

Nouyòk Santral

- Senator John J. Hughes State Office Building, 333 E. Washington Street, Syracuse

Finger Lakes

- NYS State Police, 1155 Scottsville Road, Rochester
- 1530 Jefferson Road, Rochester
- 259 Monroe Avenue, Rochester

Long Island

- Perry B. Duryea State Office Building, 250 Veterans Memorial Highway, Hauppauge

Mid-Hudson

- Eleanor Roosevelt State Office Building, 4 Burnett Boulevard, Poughkeepsie

Mohawk Valley

- Homer Folks Facility, 28 Hill Street, Oneonta
- Utica State Office Building, 207 Genesee Street, Utica

Vil Nouyòk

- Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building, 163 West 125th Street, New York City
- Shirley A. Chisholm State Office Building, 55 Hanson Place, Brooklyn

North Country

- Dulles State Office Building, 317 Washington Street, Watertown

Southern Tier

- Binghamton State Office Building, 44 Hawley Street, Binghamton
- Henderson-Smith State Office Building, 107 Broadway, Hornell

Rejyon Lwès Nouyòk

- Electric Tower, 535 Washington Street, Buffalo
- 95 Perry Street, Buffalo, NY 14203

Ou ka ekspedye pake ou kòmande anliy yo nan kote sa yo:

Empire State Plaza

P1 South Dock J

Albany, New York 12242

NYS Holiday Drive

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)